

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar anu geus dipedar tina bab saméméhna, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun dongéng basa Sunda nyaéta *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* karya Lasminingrat, dongéng basa Inggris “*The Twelve Brothers*”, jeung dongéng basa Indonésia “*Dua Belas Bersaudara*” karya Jacob Grimm.

Ieu tilu dongéng miboga struktur anu lengkep nyaéta téma carita, fakta carita, jeung sarana carita. Dina ieu tilu dongéng miboga sasaran jalan carita ti bagian kahiji nepi ka bagian kaopat. Bédana, jalan carita dina dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* nyaéta caritana leuwih jembar tina unggal bagian caritana jeung ditambahan ku hiji bagian carita nyaéta ngeunaan tiluwelas putra anu ngajabel deui karajaan, sarta unggal ahir kajadian tina bagian caritana dipungkas ku *happy ending*, saperti Raja Istri Sepuh anu teu dihukum pati tuluy jadi nyaaheun ka Putri jeung raja sepuh istri pameget hirup rukun jeung tiluwelas putra sarta mantuna. Sedengkeun dina dongéng “*The Twelve Brothers*” leuwih ditembongkeun carita aniayana, saperti Raja rék ngadék sirah duawelas putra, duawelas putra maéhan unggal gadis anu panggih jeung manéhna di leuweung, Putri rék ditebas maké pedang ku sadérék bungsu, jeung indungna raja diasupkeun kana tahang anu eusina minyak ngagolak jeung oray matih. Sedengkeun dina “*Dua Belas Bersaudara*” caritana leuwih basajan. Tapi dina dongéng basa Inggris jeung Indonésia ahir caritana sarua nyaéta dipungkas ku carita indungna raja anu dihukum pati sacara tragis. Ditilik tina babandingan sacara struktural, ieu tilu dongéng ngagunakeun 3 puseur implengan nyaéta jalma kahiji, jalma kadua, jeung jalma katilu, bédana dina dongéng basa Sunda leuwih réa ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji, dina dongéng basa Inggris leuwih réa ngagunakeun puseur implengan jalma katilu, jeung dongéng basa Indonésia leuwih réa ngagunakeun puseur implengan jalma kadua. Dongéng “*The Twelve Brothers*” jeung “*Dua Belas Bersaudara*” réa téma, galur, latar tempat, latar suasana, latar sosial, karakter, jeung

Santiah, 2021

**BABANDINGAN DONGÉNG SANG RAJA PUTRI SARENG SADÉRÉKNA DUAWELAS KARYA LASMININGRAT, “THE TWELVE BROTHERS”, JEUNG “DUA BELAS BERSAUDARA” KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

judul anu sarua sarta gaya basa anu teu réa. Sedengkeun dina dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* jeung “*Dua Belas Bersaudara*” réa latar waktu anu sarua. Jadi, carita dina dongéng “*The Twelve Brothers*” jeung “*Dua Belas Bersaudara*” leuwih mirip. Motif indeks anu kapuluruh dina ieu tilu dongéng sarua nyaéta motif transformasi.

## 5.2 Implikasi

Implikasi anu dipiharep sabada rengsé ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

Pikeun panalungtik, bisa nambahan élmu pangaweruh ogé pangalaman ngeunaan ngabedah sastra, miboga data hasil panalungtikan hususna dina kajian sastra bandingan sacara struktural, jeung bisa jadi panggeuing sangkan kahareupna bisa nalungtik leuwih jembar deui.

Pikeun masarakat, meunang pangaweruh ngeunaan dunya sastra boh sastra Sunda atawa sastra deungeun anu maké pamarekan sastra bandingan ngeunaan carita dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* karya Lasminingrat, “*The Twelve Brothers*”, jeung “*Dua Belas Bersaudara*” karya Jacob Grimm.

Pikeun mahasiswa, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa jadi bahan rujukan pikeun panalungtikan salajengna hususna anu patali jeung kajian sastra bandingan atawa bisa dijadikeun bahan rujukan nalika diajar nalungtik ngabandingkeun karya sastra.

## 5.3 Rékomendasi

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan “Babandingan dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* karya Lasminingrat, “*The Twelve Brothers*”, jeung “*Dua Belas Bersaudara*” karya Jacob Grimm (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan), panalungtik miboga sababaraha rekomendasi pikeun panalungtikan anu salajengna, sangkan leuwih gemet dina nalungtik kajian sastra bandingan.

Kahiji, dipiharep ngeuyeuban sumber-sumber paélmuan anu aya patalina jeung panalungtikan, sabab dina sastra bandingan pangaweruh panalungtik ditembongkeun pisan.

Santiah, 2021

**BABANDINGAN DONGÉNG SANG RAJA PUTRI SARENG SADÉRÉKNA DUAWELAS KARYA LASMININGRAT, “THE TWELVE BROTHERS”, JEUNG “DUA BELAS BERSAUDARA” KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kadua, hasil panalungtikan ieu téh masih aya kénéh kakuranganana, pikeun panalungtikan anu salajengna bisa leuwih jembar deui dina ngabédah sastra bandingan, jadi teu ngan saukur dipaluruh ngeunaan sasaruana jeung bébédaanana wungkul.